




KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Prasaja Agawe Mulya, Angkara Agawe Cilaka

Sederhana Menjadikan Mulia,
Serakah Membawa Petaka

Penulis: Maryadi • Ilustrator: Mulyantara



C



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Prasaja Agawe Mulya, Angkara Agawe Cilaka

**Sederhana Menjadikan Mulia,
Serakah Membawa Petaka**

Cerita : **Maryadi**

Ilustrator : **Mulyantara**

Penerjemah: **Sri Widyowati Kinasih**

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia

Dilindungi Undang-Undang

Penafian:

Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017.

Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi.

Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman.

Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemendikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Prasaja Agawe Mulya, Angkara Agawe Cilaka

Sederhana Menjadikan Mulia, Serakah Membawa Petaka

Penulis : **Maryadi**
Ilustrator : **Mulyantara**
Penerjemah : **Sri Widyowati Kinasih**
Penyunting : **Ratun Untoro**
Penata Letak: **Praba Pangripta**

Penerbit:

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemendikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-579-8 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 18/24
ii, 28 hlm, 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia.


Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Adipati Karang Gesing pinuju nandhang sungkawa. Kaki Palguna minangka juru masak, tinimbalan Gusti Kang Mahakuwasa. Kanggone Kadipaten piyambake minangka juru masak kang pinter pangolahing boga. Mula ora mokal yen Kanjeng Adipati Arya Dipa banget anggone sungkawa.

Sasi gumanti, Kanjeng Adipati ngersakake ngangkat juru masak anyar. Juru masak anyar dipilih saka utusan saben kalurahan. Kanggo milih juru masak anyar, Adipati percaya marang Patih Gangsar. Ki Patih, tumuli golek cara kanggo milih calon juru masak anyar.

Kanthi didherekake prajurit, Patih Gangsar tumuli njajah desa milang kori. Wong mlayu didangu, wong nang kali ditakoni. Pangarak-

Adipati Karang Gesing sedang berduka. Kaki Palguna sang juru masak, meninggal dunia. Di Kadipaten Karang Gesing, dia adalah juru masak yang terkenal pandai mengolah berbagai jenis makanan. Tidak heran jika Kanjeng Adipati Arya Dipa sangat berduka.

Bulan berganti. Adipati ingin mengangkat juru masak yang baru. Juru masak dari setiap kelurahan akan diseleksi. Untuk kegiatan pemilihan, Adipati mempercayakannya kepada Patih Gangsar. Ki Patih, kemudian mencari cara untuk memilih juru masak yang baru.

Dengan kawalan prajurit, Patih Gangsar mulai menjelajahi seluruh wilayah kadipaten. Ada orang yang berlari ditanya. Orang pergi ke sungai pun ditanya. Karena



ing wadya bala sabudhalan, ndadekake warga desa padha wedi. Akeh kang keplayu, uga ana kang ndhelik ing lumbung pari. Polahe warga desa, ndadekake para lurah enggal-enggal manggihi utusane Sang Adipati.

Ki Patih Gangsar paring pirsam marang Ki Lurah. Wigatine, supaya sowan kadipaten, ing dina Slasa Kliwon wulan iki. Ki Lurah tumuli nyaguhi. Sawise rampung ngendika, Ki Patih pamit saprelu nerusake tindake.

Kabeh jejibahan Patih Gangsar wis ditindakake kanthi penggalih kang jembar. Senadyan sekawit tinampa warga kanthi ora mayar. Ki Patih enggal atur palapuram marang Sang Adipati, menawa jejibahan wis dilakoni kanthi lancar.

Nalika tumuju dina Slasa

patih pergi dengan rombongan besar, membuat banyak warga yang ketakutan. Banyak yang berlari, ada juga yang bersembunyi di lumbung padi. Melihat keresahan warga, membuat para lurah menemui utusan Sang Adipati.

Ki Patih Gangsar memberitahu, bahwa kedatangan Ki Lurah ditunggu di kadipaten, pada hari Selasa Kliwon bulan ini. Ki Lurah kemudian menyanggupinya. Setelah selesai berbicara, Ki Patih pamit untuk melanjutkan tugasnya.

Semua tugas Patih Gangsar sudah dilaksanakan dengan lapang dada. Meskipun semula sempat tidak dihiraukan warga. Ki Patih segera melapor kepada Adipati, bahwa semua tugas dilaksanakan dengan lancar terlaksana.

Hari Selasa Kliwon tiba.

Kliwon, para lurah wis siyaga ing pasowanan. Lenggah siyaga tumuli atur sembah pangabekti kagem Sang Adipati. Adipati nuli medhar pangandikan. Wigatining pangandikan, para lurah dipundhuti pirsacar ngupadigantine Kaki Palguna.

Ora gantalan suwe, Lurah Plana nuli matur. Ki Lurah matur yen becike dianakake sayembara. Sayembara kasebut kena kanggo ndudut keprigelane kawula ing olah boga. Kejaba saka iku, bisa kanggo nuduhake menawa Adhipati minangka jejer priyagung wicaksana. Anggone milih abdi dalem ora mung sarana tunjukan, nanging kathi paugeran nyata.

Lurah Pandanmulyo, matur menawa sarujuk marang panemune Ki Lurah Plana. Ature supaya sayembara di-

Para lurah sudah siap di ruang pertemuan. Duduk siap sembari menghaturkan sembah penghormatan kepada Sang Adipati. Adipati memulai bicara. Adipati menyampaikan hal penting, para lurah diminta pendapat bagaimana cara mencari juru masak pengganti Kaki Palguna.

Tidak lama, Lurah Plana menyampaikan pendapatnya. Ki Lurah mengusulkan untuk membuat sayembara. Sayembara itu bisa digunakan untuk menarik minat rakyat dalam hal mengolah makanan. Selain itu, bisa digunakan untuk menunjukkan bahwa Adipati adalah pemimpin yang bijaksana. Caranya mencarai pegawai tidak hanya dengan menunjuk seseorang melainkan dengan aksi nyata.

Lurah Pandanmulyo, mengatakan setuju terhadap



adani kanthi ngangkat budaya boga Ngayogyakarta. Ki Lurah Pandanmulya menehi panemu becike boga kang diolah wujud gudeg Ngayogyakarta.

Kanjeng Adipati tumuli paring dhawuh marang para lurah. Dhawuhe Kanjeng Adipati, saben-saben kalurahan ngutus juru masak saperlu melu sayembara. Sayembara diadani ing Kadipaten Karang Gesing dene wektune kira-kira sewulan maneh.

Kabar anane sayembara sumebar ing Kalurahan Plana. Tuntun kang wis sawetara wektu ora nduwe pagaweyan kepengin melu sayembara. Kanggo nyiyapake sayembara, dheweke nemoni Wasis kang uga nduweni krenteg padha. Wong sakloron padha golek sisik melik, amrih bisa menang ing sayembara.

ide Ki Lurah Plana. Dia menambahkan, agar sayembara yang diadakan untuk mengangkat aneka makanan khas Yogyakarta. Ki Lurah mengusulkan, sebaiknya makanan yang diolah adalah gudeg Yogyakarta.

Kanjeng Adipati kemudian memberi perintah kepada para lurah. Kanjeng Adipati mengatakan, bahwa setiap kelurahan wajib mengirimkan juru masak untuk mengikuti sayembara. Sayembara dilaksanakan di Kadipaten Karang Gesing, waktumya kurang lebih satu bulan mendatang.

Kabar tentang sayembara menyebar di Kalurahan Plana. Tuntun yang pengangguran ingin mengikuti sayembara itu. Dia menemui Wasis yang juga memiliki keinginan sama. Kedua orang itu mulai mencari cara bagaimana agar bisa memenangkan sa-

Wasis nuli jumangkah tumuju ing Pareden Menoreh. Tuntun kang wiwit mau nyekeli siraha, sajak kaget meruhi polahe Wasis. Sanalika Tuntun kojah. Ukara-ukara wigati kang kanggo menggak kekarepane Wasis sasat kopong. Kekarepane Wasis kang wis bunder ora bisa dipenggak.

Tumeka ing Pareden Menoreh, Wasis ngaturake prelu marang pawongan. Pawongan kang sumanak, gagah, lan ireng pakulitane. Wasis nuli diparingi barang, wujud kaya watu abang tangkepan asemu coklat. Panyuwune pawongan mau, supaya sarana digunakake kanthi prasa-ja.


Sawise ngaturake panuwun, Wasis nuli nyuwun pamit. Dheweke mulih tumuju Kalurahan Plana, kan-

yembara.

Wasis kemudian menuju Pegunungan Menoreh. Tuntun yang sejak tadi memegangi kepala, tampak terkejut melihat tingkah Wasis. Spontan Tuntun mengingatkan. Nasihat-nasihat agar Wasis mengurungkan niatnya tidak digubris. Tekad Wasis sudah bulat, tidak bisa dicegah.

Sesampainya di Pegunungan Menoreh, wasis mengutarakan maksudnya kepada seseorang. Orang tersebut ramah, gagah, dan berkulit gelap. Wasis kemudian diberi sebuah benda, bentuknya seperti setangkup batu berwarna merah kecoklatan. Pesan orang tadi, benda itu dapat digunakan tapi tidak berlebihan.

Setelah menyampaikan terima kasih, Wasis kemudian berpamitan. Dia pulang ke Kelurahan Plana, dengan membawa jimat. Hatinya ba-



thi nggawa wujud ing sarana. Atine bungah, awit kanthi upaya kang kebak bebaya wekasan bisa kasembadan kekarepane.

Ing tengah dalan, Tuntun weruh lakune Wasis. Tuntun enggal mrangguli. Kanthi rasa kebak pitakonan, Tuntun wiwit nggraita yen Wasis klakon entuk gawe. Tuntun nuli takon, wujud sisik melik kang wus kasil digawa mulih. Kanthi gamblang Wasis nyritakake anggone ngupadi sarana ing Pareden Menoreh.

Wasis nuli nuduhake sarana wujud kaya watu abang tangkepan asemu coklat. Sanalika thukul krentege Tuntun. Dheweke rumangsa kongas nuli kepengin nduweni. Tuntun nuli takon panganggone sarana. Pawongan kang ditakoni, njlentrehake kanthi gamblang klebu cara panganggone sarana.

hagia, karena segala upayanya yang penuh bahaya, akhirnya bisa terwujud apa yang diinginkannya.

Di tengah perjalanan, Tuntun melihat Wasis. Tuntun segera menghampiri. Dengan perasaan penuh tanya, Tuntun menduga jika Wasis sudah mendapat apa yang diinginkannya. Tuntun kemudian bertanya, apa saja yang berhasil dibawanya pulang. Dengan gamblang Wasis menceritakan bagaimana usahanya mendapatkan jimat di Pegunungan Menoreh.

Wasis kemudian menunjukkan jimat berupa batu berwarna merah kecoklatan. Seketika muncul keinginan Tuntun. Dia merasa tertantang dan ingin juga memilikinya. Tuntun kemudian bertanya di mana jimat itu berada.. Wasi menjelaskan dengan gamblang termasuk cara menggunakan jimat tersebut.

Krungucritane Wasis, Tuntun ngerti menawa sarana mau akeh gunane. Mula kanthi maneka warna, dheweke nuli ngrimuk Wasis. Wasis bocah lugu iku ora ngerti yen Tuntun nduweni melik.

Tanpa pikir dawa, sarana kang ana tangane Wasis nuli direbut. Sanalika sarana sigar dadi loro. Sigare sarana bareng karo pambengoke Wasis. Tuntun kang krungu Wasis bengok-bengok, nuli ngulungake sarana kang sigar mau. Sarana kang meh wae karebut Tuntun, katon digegem kenceng dening Wasis.

Rumangsa ora kasil nganggo cara kasar, Tuntun wiwit ngalembana marang Wasis. Dheweke ngerti aksara jawa iku mati yen dipangku. Semana uga mbok menawa atine Wasis bakal luluh. Yen atine

Mendengar cerita Wasis, Tuntun jadi tahu bahwa jimat tadi banyak manfaatnya. Sehingga dengan berbagai cara, dia mulai membujuk Wasis. Wasis anak yang lugu itu tidak tahu bahwa Wasis punya maksud.

Tanpa berpikir panjang, jimat di tangan Wasis direbut begitu saja. Seketika jimat itu terbelah menjadi dua. Jimat itu terbelah bersama dengan teriakan Wasis. Tuntun yang mendengar teriakan Wasis, segera mengembalikan jimat yang terbelah tadi. Jimat yang hampir saja direbut Tuntun, dipegang erat oleh Wasis.

Merasa usaha dengan cara kasar tidak berhasil, Tuntun mulai mencari kelemahan Wasis. Dia paham bahwa aksara Jawa akan menjadi konsonan jika dipangkon. Begitu juga dengan Wasis, barang-



Wasis wis luluh, sarana kuwi bakal diulungake marang Tuntun.

Tuntun malih praupane. Wasis dialem sadhuwur-dhuwure. Manut kandhane Tuntun, kejaba bagus Wasis uga loman. Wasis kang krungu kandhane Tuntun, nuli mesam-mesem sajak kelegan. Atine Wasis seneng banget, semono uga Tuntun sajak nemu pepadhang.

Sakujur awake Wasis kaya diumbulake. Pangaleme Tuntun, njalari srana kang ana ing tangane sesigar diulungake marang Tuntun. Kang diwenahi rumangsa kalegan, banjur lunga klepat.

Ing angen-angen, Tuntun rada maido karo kandhane Wasis. “Mosok barang semene kok cukup dinggo se-thithik. Lumrahe watu ming semene iki ya dinggo kabeh. Sis... Wasis, wong kok senengane goroh,” Tuntun gething.

kali akan luluh hatinya. Jika hati Wasis luluh, pasti jimat itu akan dengan mudah diberikan kepada Tuntun..

Wajah Tuntun berubah. Wasis mulai dipuja-puja. Kata Tuntun, selain ganteng, Wasis juga dermawan. Wasis yang mendengar rayuan Tuntun, mulai tersenyum bangga. Hati Wasis senang, begitu juga Tuntun yang merasa menemukan cara.

Seketika Wasis seperti terbang. Pujian Tuntun, membuat separuh jimat di tangannya diberikan. Merasa senang karena mendapat jimat, Tuntun segera pergi. Di benaknya, Tuntun memprotes Wasis, “Mana mungkin batu ini hanya boleh digunakan sedikit. Jika hanya sekecil ini, harusnya digunakan semua. Sis... Wasis, orang kok sukanya berbohong,” kata Tuntun jengkel.

Wis tekan titi wanci sayembara diwiwiti. Wasis lan Tuntun siyaga melu ing sayembara kuwi. Kalebu utusan liya saka saben-saben kalurahan uga ora keru. Polahé calon juru masak kang melu sayembara katon ngedap-edapi.

Woh nangka enom, endhog, santen, dimasak dadi olahan kang aran gudeg Ngayogyakarta. Sayembara wis lumaku udakara setengah jam. Suraking para lurah mung kasi wektu kang diparingake kanggo sayembara.

Ora wetara suwe, Kanjeng Adipati kadherekake para abdi, nuli nyaketi. Siji-siji dipirsani, ana kang mung dipirsani tanpa diicipi. Ana uga kang didhahar nganti seprapat kwali. Kanjeng Adipati mirsani masakane Wasis. Gudheg kang mranani kadhahar Kanjeng Adipati.

Penggalihe Kanjeng Adi-

Tibalah waktu sayembara. Wasis dan Tuntun siap mengikutinya. Tidak ketinggalan utusan-utusan lain dari tiap-tiap kelurahan. Tingkah para calon juru masak peserta sayembara begitu mengagumkan.

Buah nangka muda, telur, santan, dimasak menjadi olahan yang diberi nama gudeg Yogyakarta. Sayembara sudah berjalan selama setengah jam. Sorak sorai para lurah menandakan waktu sayembara telah usai.

Tidak lama kemudian. Kanjeng Adipati didampingi para abdi, mulai mendekati. Satu per satu dilihat. Ada yang hanya dilihat tanpa dicoba. Ada juga yang dimakan hingga seperempat panci. Adipati melihat masakan Wasis. Gudeg yang menarik hati, dicoba oleh Kanjeng Adipati.

Pikiran Kanjeng Adipati tampak gembira. Gudheg



pati katon gumbira. Gudheg Ngayogyakarta masakane Wasis nyata mirasa. Rasane nyamleng, takerane bumbu pas uga prasaja. Ora mokal yen Kanjeng Adipati nuli mundhut pirsa. Genea Wasis bisa masak gudheg kang nyamleng lan mirasa.

Kanthi kebak pangati-ati, Wasis ngaturake carane masak gudheg. Nangka enom satus gram kang wis dionceki dicacah kasar. Brambang sepuluh iji, bawang limang iji lan lombok abang telung iji. Kabeh bumbu diuleg nganti lembut. Sabanjure disiyapke godhong salam rong lembar, santen klapa, lan laos sakros.

Kanggo miwiti masak, nangka cacah digodhog nganti empuk. Sabanjure, bumbu alus dimasak ing kualu, nuli disiram santen klapa. Masak nggunakake geni cilik aja lali

Yogyakarta olahan Wasis sedap rasanya. Rasanya nikmat, takaran bumbunya pas dan sederhana. Tidak heran jika Kanjeng Adipati kemudian bertanya. Bagaimana Wasis bisa memasak gudeg yang nikmat dan sedap itu.

Dengan sangat hati-hati, Wasis menyampaikan caranya membuat gudeg. Nangka muda seratus gram yang sudah dikupas dicincang kasar. Bawang merah sepuluh siung, bawang putih lima siung, dan cabai merah tiga biji. Semua bumbu dihaluskan. Setelah itu Wasis menyiapkan dua lembar daun salam, santan, dan seruas lengkuas.

Mula-mula, nangka muda yang dicincang direbus sampai lunak. Setelah itu, bumbu halus ditumis, kemudian disiram santan. Gunakan api kecil, jangan lupa untuk mengaduknya supaya santan tidak

diudhak, supaya santen ora ambyar. Candhake nangka kang wis empuk nuli dicemplungake. Kanggo nunggu santen kenthel, padatan ditambahi krecek lan uga lombok rawit abang.

Ing wektu iki, gandheng kanggo sayembara, mula ora lali Wasis nambahi sarana. Sarana saka Pareden Menoreh kang nate direbut peksa dening Tuntun. Mula ora mokal yen rasane gudheg pancen nyamleng tur ngangeni. Bisa gawe kepranan para punggawa, klebu uga Kanjeng Adipati.

Kanjeng Adipati nerusake tindake. Gudheg candhake tumuli diicipi. Nanging eba kagete para abdi kang ndherekake Kanjeng Adipati. Dumadakan pasuryane malik abang, kaya jambu dalhari. Gudheg kang nembe wae di-

pecah. Selanjutnya, nangka yang sudah lunak dimasukkan. Sambil menunggu santan kental, olahan ditambah krecek dan cabe rawit merah.

Saat itu, karena untuk sayembara, Wasis tidak lupa menambahkan jimat. Jimat dari Pegunungan Menoreh yang pernah direbut paksa oleh Tuntun. Jadi tidak heran jika rasa gudegnya lezat dan membuat orang ketagihan. Bisa menjadi hidangan kesukaan para punggawa dan Adipati.

Kanjeng Adipati meneruskan proses penjurian. Gudeg selanjutnya dicoba. Tapi betapa terkejut para abdi yang mengawal Kanjeng Adipati. Tiba-tiba, wajah Kanjeng Adipati berubah merah seperti buah jambu dalhari. Gudheg yang baru saja dicoba diberikan kepada para abdi.

icipi kaulungake marang para abdi.

Ora kaya biyasane, wektu iki Kanjeng Adipati katon duka. Dhaharan gudheg kelangenane dadi banget legine. Rasa legi kang ora taken, njalari rasa liyane dadi ilang. Nuli, Panjenengane nimbali pawongan kang dianggep wus kumawani menehi racun ing dhaharane.

Tuntun katimbalan Kanjeng Adipati. Sabanjure Tuntun nyritakake mula bukane masakan dadi banget legine. Tuntun nyebutake menawa legine gudheg mau saka sarana ing Pareden Menoreh. Wujude kaya watu abang tangkepan asemu coklat, anggone oleh saka tangane Wasis. Wektu iku uga, Wasis nuli ditimbali dening Kanjeng Adipati.

Wasis katon wedi banget. Dumadakan awake ndro-

Tidak seperti biasanya, saat itu Kanjeng Adipati tampak marah. Olahan gudeg kesukaannya berubah menjadi sangat manis. Rasa manis yang berlebihan menyebabkan rasa lainnya hilang. Kemudian, Sang Paduka memanggil orang yang dianggap telah berani memberi racun pada masakannya.

Tuntun dipanggil Kanjeng Adipati. Kemudian Tuntun menceritakan awal mula dia memasak sehingga mejadi olahan yang terlalu manis. Tuntun mengatakan bahwa manisnya gudeg tadi adalah karena jimat dari Pegunungan Menoreh. Bentuknya adalah sepasang benda mirip batu berwarna merah kecolatan. Dia mendapatkannya dengan cara merebut paksa dari tangan Wasis. Saat itu juga, Wasis dipanggil oleh Kanjeng Adipati.

Wasis tampak sangat ketakutan. Tiba-tiba tubuhnya



dhog, wel-welan ora kena dipenggak. Luwih-luwih nalika ngerti yen Kanjeng Adipati duka yayah sinipi, jaja bang mawinga-winga. “Ajur... ajur... rampung yen iki!” Wasis pucet, kringet dleweran sajugung-jagung.

Wektu iki Wasis kudu blaka. Lamun goroh, bisa dadi cilaka. Mula, kanthi ditata dheweke blaka pancen golek sarana ing Pareden Menoreh. Sarana iku, saperangan isih digawa. Kanthi ndredheg, tangane Wasis ngulungake sarana kang disebutke.

Sawise sarana tinampa Kanjeng Adipati, pepatih dalem pirsa banjur nerangake. Manut ngendikane Ki Patih, sarana kuwi dudu barang wingit apa dene gugon tuhon. Sarana iku kang diarani gula klapa. Gula klapa, digawe dening kawula para penderes ing Pareden Menoreh.

Tumrape kawula para penderes, piranti kanggo ngun-

gemetar, tremor tidak bisa dihindarkan. Apalagi ketika tahu bahwa Kanjeng Adipati murka. “Hancur ... hancur ... tamat sudah riwayatku!” Wasis pucat pasi, tubuhnya bermandi keringat.

Sekarang Wasis harus jujur. Jika berdusta, dia akan celaka. Sehingga, dengan sangat hati-hati, dia jujur mencari jimat di Pegunungan Menoreh. Jimat itu, sisanya masih dibawa. Dengan gemetar, tangan Wasis menyerahkan jimat yang dimaksud.

Setelah diterima Kanjeng Adipati, perdana menteri tahu kemudian menjelaskan. Ki Patih berkata, jimat itu bukanlah benda mistis apalagi hal yang bersifat sirik. Jimat itu adalah gula kelapa. Gula kelapa, dibuat oleh orang-orang penderas nira di Pegunungan Menoreh.

Bagi para penderas, alat untuk mengambil nira ben-

dhuh legen wujud deres kaya celurit. Deres kang mingis-mingis kanggo nigas wala utawa kembang klapa. Wala enom kaimpun, tini-gas nuli dicalung migunakake bumbung. Dene bumbung, wujud pring petung tutup ros kaya dene gelas ukurane gedhe.

Sawise legen dicalung migunakake bumbung, tumuli dijupuk para penderes. Para penderes anggone njupuk legen sedina ping loro, yaiku isuk lan sore. Menawa cacahé wit kang dideres ana selawe, anggone penekan sedina ping seket. Lamun prei sedina wae, legen kang diundhuh dadine ora apik. Senajan dipeksa dimasak, bisa-bisa malah dadi jenang gula utawa glali.

Bumbung kang tilas kanggo nyalung legen kudu dire-

tuknya mirip clurit. Alat penderas yang sangat tajam untuk menggores bunga kelapa. Bunga-bunga muda dikumpulkan, digores kemudian ditampung menggunakan bumbung. Bumbung terbuat dari seruas bambu petung, mirip gelas raksasa.

Setelah nira ditampung, kemudian diambil oleh para penderas. Para penderas mengambilnya dua kali sehari, yaitu pagi dan sore. Sedangkan pohon yang dideras sebanyak dua puluh lima. Jadi satu hari bisa lima puluh kali memanjat pohonnya. Jika terlambat mengambil hasil derasan, nira tidak lagi baik kualitasnya. Meskipun dipaksa untuk diolah, bisa-bisa menjadi dodol atau gulali.

Bumbung bekas tampungan nira harus dibersihkan. Penduduk Menoreh menye-

siki. Wong Menoreh ngarani ngreseki bumbung jenenge *gojog*. *Gojog* bumbung migunakake manggar, kang uga asale saka pang kembang klapa. Bumbung kang wis resik kudu dituntaske. Bumbung kang wis tuntas, diisi *laru* tumuli kanggo ngundhuh legen maneh.

Laru digawe saka tlutuh manggis lan kapur tohor (CaO) kang dicampurake nganggo banyu tawa. Campuran iku mujudake bumbu legen kang digunakake penderes turun-temurun. Kanthi *laru* kasebut, gula jawa rupane abang semu coklat.

Kawitan gula jawa wujud legen. Banjur dimasak ing wajan gedhe. Migunakake kayu bakar kang panase rong tikelan banyu umob. Udakara telung jam, legen panas ma-

butnya dengan istilah *gojog*. *Gojog* bumbung menggunakan manggar, yang juga bagian dari ranting bunga kelapa. Bumbung yang sudah bersih harus ditiriskan. Bumbung yang sudah kering, diisi *laru*, lalu bisa digunakan untuk menampung nira lagi.

Laru semacam ragi yang dibuat dari getah manggis dicampur dengan kapur (CaO) yang dilarutkan dengan air tawar. Larutan itu adalah bumbu yang digunakan para penderas nira turun-temurun. Dengan menggunakan *laru*, gula jawa akan berwarna merah kecoklatan.

Mula-mula gula jawa adalah air nira. Kemudian dimasak di wajan besar. Menggunakan kayu bakar yang suhunya dua kali lipat suhu air mendidih. Kurang lebih tiga jam, nira panas berubah



lik dadi kaya jenang. Jenang legen panas, tumuli dientas, banjur dicidhuki ana ing bathok klapa.

Jenang legen kang wis ana ing bathok klapa malik atos kaya dene watu. Jenang legen kang wis atos tumuli dicoplok lan ditangkepke. Tangkepan-tangkepan gula jawa tumuli ditimbang lan dirupake beras lan sembako. Uga ana para kawula kang nyilih dhuwit nuli pasok gula kanggo nyarutan.

Kanjeng Adipati legawa marang ature Patih Gangsar. Weksane Tuntun kapatrapan dendha, awit wis tumindak culika. Dene Wasis saiki lan sateruse mukti ing Kadipaten Karang Gesing. Wasis kang diangkat minangka juru masak nyulih Kaki Palguna.

menjadi seperti dodol. Dodol nira panas kemudian diangkat, lalu diambil dengan menggunakan batok kelapa.

Dodol nira yang sudah ditampung di batok kelapa berubah menjadi keras seperti batu. Dodol nira yang keras tadi kemudian dilepas dan ditangkupkan dengan dodol lainnya. Tangkupan-tangkupan dodol tadi kemudian ditimbang kemudian ditukar dengan beras atau sembako. Ada juga penduduk yang meminjam uang, kemudian memasok gula untuk membayar hutang.

Kanjeng Adipati merasa puas dengan penjelasan Patih Gangsar. Akhirnya Tuntun didenda karena kelakuan buruknya. Sedangkan Wasis mulai hari ini dan seterusnya, hidup mulia di Karang Gesing. Wasis diangkat menjadi juru masak menggantikan Kaki Palguna.



Biodata

Penulis

Maryadi, lahir di Kulonprogo 17 November 1985. Memulai pendidikan formal di SD Negeri Proman. Melanjutkan pendidikan lanjutan di SMP 2 Kokap dan SMA Negeri 1 Pengasih. Menempuh pendidikan keguruan di Universitas Negeri Yogyakarta (2005). Saat ini sebagai pendidik di SD Negeri Jambean. Dalam bidang sastra, pernah menulis buku solo cerpen inspiratif "Lentera di Kaki Senja." Karya buku lainnya berupa kumpulan puisi "Gurat Senja." Karya lainnya berupa tulisan ilmiah populer yang dimuat dalam majalah pendidikan, juga karya-karya fiksi antologi.

Ilustrator

Mulyantara (Mul) lahir di Yogyakarta, tanggal 6 Mei 1965. Saat ini ia tinggal di Ngabean Kulon (Jl. Kaliurang KM 7,8) RT 04 RW 35, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman. Pria ini mempunyai keahlian dalam sastra budaya: ilustrator wayang kulit gaya Yogyakarta, penulis cerita wayang/padalangan/tokoh wayang, penulis cerita rakyat/roman sejarah, penulis cerkak, penulis cerita anak/dongeng.

Karya sastranya telah banyak diterbitkan, antara lain: antologi cerkak *Crita saka Pereng Merapi* (Penerbit PASBUJA, 2020); antologi dongeng *Andong Jogja* (Disbud Jogja, 2022); antologi cerkak *Drangsa* (Azzagrafika, 2022). Ia pernah menjuarai lomba cergam/komik dan lukis wayang.

Pembaca yang ingin berkorespondensi dapat menghubungi telepon genggam 087839023639; posel: mulyantara52@gmail.com.

Penyunting

Ratun Untoro lahir bertepatan dengan kedatangan Ratu Elizabeth II di Yogyakarta, 23 Maret 1974. Ia lahir, tumbuh, dan belajar berpikir di Grojogan, Tamanan, Banguntapan, Bantul. Proses berpikir selanjutnya ditempa di Fakultas Ilmu Budaya UGM sejak S1—S3 (1993—2017). Pernah ditugaskan di Manado, Sulawesi Utara selama 16 tahun (2000—2016) dan mendapat istri di sana. Saat ini, ia menjadi Widyabahasa Ahli Madya di Balai Bahasa DIY dan aktif di berbagai perhelatan kebahasaan, kesastraan, dan kebudayaan baik lokal, nasional, dan kadangkala di tingkat internasional. Menargetkan menulis minimal satu buku setahun, pria ini terlibat dalam berbagai forum ilmiah seperti Himpunan Sarjana Kesastraan Indonesia (HISKI), Asosiasi Tradisi Lisan (ATL), dan Forum Penulis Humaniora Aceh—Papua. Di bidang penyuntingan, ia menjadi penyunting buku-buku keistimewaan DIY, beberapa majalah ilmiah, majalah komunitas, dan buku-buku proses kreatif. Korespondensi bisa melalui ratunskp@gmail.com, Ig: [ratun_untoro.w](https://www.instagram.com/ratun_untoro.w)





CERDAS BERLITERASI



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Sederhana Menjadikan Mulia, Serakah Membawa Petaka

Sepeninggal Kaki Palguna sang juru masak Kadi-paten Karang Gesing, Adipati Arya Dipa menggelar sayembara untuk mencari pengganti. Dengan mengutus Ki Patih Gangsar, sayembara mengolah gudheg Ngayogyakarta dilaksanakan secara terbuka. Tuntun dan Wasis, dua pemuda dari Karang Gesing bermaksud mengikuti sayembara tersebut. Keduanya berebut jimat pusaka dari Lereng Menoreh. Mereka yakin, jimat tersebut adalah kunci kemenangan dalam sayembara itu. Bagaimana kiprah kedua pemuda dalam menyelesaikan sayembara itu? Pembaca akan menemukan jawabannya dalam cerita berjudul *Prasaja Agawe Mulya, Angkara Agawe Cilaka*.



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA

2023

ISBN 978-623-112-579-8 (PDF)



9 786231 125798